

**AVI OBLIGASYON POU ENSKRI
KÒM DELENKAN SEKSYÈL**

NIMEWO DOSYE A

**Tribunal Premye
Enstans
Massachusetts**

SÈVIS JIDISYÈ (chwazi youn)

Tribunal Minisipal Boston Tribunal Distri Tribunal pou Timoun Tribunal Siperyè

DIVIZYON/KONTE

NON DELENKAN SEKSYÈL LA:**AVI OBLIGASYON POU ENSKRI KÒM DELENKAN SEKSYÈL**

Ou oblige eneskri kòm yon delenkan seksyèl bò kote Sex Offender Registry Board (Komisyon Anrejistrem Delenkan Seksyèl la (Komisyon) epi respekte Lwa sou Rejis Delenkan Seksyèl Massachusetts la, G.L. c. 6, § 178C a 178Q, paske yo te rekonèt ou koupab pou yon enfraksyon seksyèl (ki defini nan G.L. c. 6, § 178C), ou te jije kòm jèn delenkan pou yon enfraksyon seksyèl, oswa ou fè konnen ou pral plede koupab pou yon enfraksyon seksyèl kèlkonk.

Si ou rezide (abite), ou gen yon adrès segondè, travay, oswa ale nan yon enstitisyon aprantisaj siperyè nan Massachusetts, lalwa egzije w pou w eneskri kòm yon delenkan seksyèl epi verifye enfòmasyon w yo chak ane. Si w ap viv oswa travay nan yon lòt eta, ou gen yon adrès segondè, oswa ou ale nan yon enstitisyon aprantisaj siperyè, ou dwe eneskri kòm yon delenkan seksyèl nan eta sa a.

Si w sanzabri, lalwa egzije pou w eneskri kòm yon delenkan seksyèl epi verifye enfòmasyon w yo chak 30 jou.

Tout delenkan seksyèl yo oblige enfòme Komisyon an sou nenpòt chanjman adrès.

Si ou pa eneskri, ou pa verifye enfòmasyon enskripsyon yo, ou pa avize Komisyon an sou yon chanjman adrès, oswa si ou bay fo enfòmasyon, ou pral komèt yon krim ki sijè a pouswit. Yon vyolasyon paske ou pa eneskri ka lakòz prizon pandan pa mwens pase 6 mwa epi pa plis pase 2 1/2 ane nan yon kay koreksyon, oswa pa plis pase 5 ane nan yon prizon leta, oswa yon amann ki pa plis pase \$ 1,000, oswa alafwa yon amann ak prizon. Yon dezyèm kondanasyon paske ou pa eneskri kòm yon delenkan seksyèl pini a pa mwens pase 5 ane nan prizon eta a.

Finalman, dapre GL c. 6, § 178L, ou gen dwa soumèt prèv dokimante bay Komisyon an konsènan risk ou genyen pou w komèt enfraksyon ankò, nivo danje ou poze pou piblik la, ak devwa ou pou w eneskri kòm yon delenkan seksyèl.

REKONESANS EKRI OBLIGASYON POU ENSKRI KÒM YON DELENKAN SEKSYÈL

Mwen _____, te revize epi konprann tout enfòmasyon ki nan avi sa a epi mwen konprann kondanasyon mwen pou yon enfraksyon seksyèl, oswa plede koupab/jèn delenkan oswa delenkan pou yon **enfraksyon seksyèl, pral lakòz mwen oblige eneskri kòm yon delenkan seksyèl** epi sijè a dispozisyon Lwa sou Rejis Delenkan Seksyèl Massachusetts la, GL c. 6, §§ 178C a 178Q.

SIYATI

DAT

[Si moun sa a se yon jèn delenkan, li dwe rekonèt avi sa a lè li siyen non li pi wo a, epi responsab legal la oswa ajans ki gen gad ak avoka ki pi resan dosye a dwe siyen tou nan pwochen paj la.]

**REKONESANS PA RESPONSAB LEGAL LA/AJANS KI GEN GAD AK AVOKA KI PI
RESAN DOSYE OBLIGASYON POU JÈN LAN ENSKRI KÒM DELENKAN SEKSYÈL**

Mwen, _____, _____ reconèt mwen te
 [Non an lèt detache Responsab Legal/Ajans] [Relasyon ak Jèn lan]
 avize ke jèn delenkan non li mansyone pi wo a **pral oblige enskri kòm yon delenkan seksyèl** epi li sijè a dispozisyon Lwa sou Rejis Delenkan Seksyèl Massachusetts la.

SIYATI	DAT
--------	-----

Mwen menm , _____, reconèt te avize m jèn delenkan non li mansyone pi wo a
 [Ekri an lèt detache Non Avoka Dosye a]
pral oblige enskri kòm yon delenkan seksyèl epi li sijè a dispozisyon Lwa sou Rejis Delenkan Seksyèl Massachusetts la.

SIYATI	DAT
--------	-----

Pou Grefye a: Anvan akseptasyon pou plede koupab pou yon enfraksyon seksyèl (gade GL c. 6, § 178C pou jwenn definisyon yon «enfraksyon seksyèl») oswa lè kondanasyon, jijman kòm yon delenkan oswa kòm yon jèn delenkan pou nenpòt nan akizasyon ki enimere yo ki oblige yon akize enskri kòm yon delenkan seksyèl, Tribunal la dwe fè akize a konnen li oblige enskri bò kote Komisyon Rejis Delenkans Seksyèl la epi li dwe siyen «Avi sou Obligasyon pou Enskri kòm yon Delenkan Seksyèl» ki endike rekonesans ekri Avi sa a.

Ou ta dwe soumèt imedyatman yon kopi rekonesans ki siyen an bay biwo pwobasyon lokal la, epi Avi a dwe dokimante epi eskane nan dosye ka MassCourts la.

Anplis de sa, yo dwe voye yon kopi bay akize a ak avoka a.